Italie

# LAN MOO TAX ÑU YOBBU SAMAY XIBAARI BOPP CI EURODAC?

Xëtu G

**CI MËNA AM KAARANGE NEGANDIKU**



WOLOF

## LU TAX MA JOT TÉERE BII?

Ab réew bu bokk ci réew yu booloo yu Órob yi (EU) bindoon na la niki ku am kaarange bu negandiku.

Teere bi dafay joxe leeral yu gëna yaatu ci xibaar yi njiit yi di dugal ak ban diir lay am.

## LAN MOO TAX MA WARA JOXE SAMA NATAAL AK SAMAY AMPAREENT BAARAAM?

Joge nga sa réew te am nga leegi ab kaarange bu saxul ci biir réew mi.

Xeetu tolluwaayu kaarange bii nekkul luy sax. Réew mi bokk ci réew yu booloo yu Órob dina jël dogal yenn saay ci ndax kaarange bi dafa wara wëy wala deet.

Njiit yi ci réew mii dinañu jël sa ampareent baaraam ak sa nataal. Xibaar yii bu ñu leen boolee ak xibaar yi nekk ci sa dàntite ak yeneen xibaar yu am solo di na ñu leen yobb ci ab dencukaay bi Eurodac.

Eurodac dafay jokkale yenn xeeti nit yi yu cosaanoo wul ci ab réew bu bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin ak seeniy ampareent baaram yi ñu dajale ak seeniy nataal.

31 Réew yu booloo yu Órob ak réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin yi mëna toppatoo say mbir ngir jël ci ay xibaar ñooy jëfandikoo dencukaay bi. Réew yu bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin lim nañu leen ci mujjantalu teere bi.

**Yaa ngi léegi ci Italie mi nga xam ni bokk na ci Réew yu booloo yu Órob wala ci réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin.**
**Réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin ñooy:**

27 réew yi bokk ci Réew yu booloo yu Órob (EU): Allemagne, Autriche, Belgique, Bulgarie, Chypre, Croatie, Danemark, Espagne, Estonie, Finlande, France, Grèce, Hongrie, Italie, Lettonie, Lituanie, Luxembourg, Malte, Pays-Bas, Pologne, Portugal, République d'Irlande, Roumanie, Slovaquie, Slovénie, Tchéquie, Suède ak

Yeneen 4 réew: Islande, Liechtenstein, Norvège, Suisse.

## YAN XIBAAR LAÑUY YOBB CI EURODAC?



Xibaar yii di ñëw ñu ngi leen denc ba leegi:

- say ampareent baaraam
- sa ab nataalu kanam
- bepp tur booy wuyoo jamono yii ak ci lu weesu
- sa taarixu juddu
- askan wi nga bokk wala askan yi nga bokk
- askan wi nga bokk wala askan yi nga bokk
- goor wala jiigen
- ay sotti yu sa dàntite wala kayiti tukki yoo mësa jëfandikoo, buñu jàppandee, lu mel ni ay xibaar ci wàllu seen Wéraay
- Ràññeekaayu ligeeykat bi jël say ampareentu baaraam ak sa nataal ak taarix biñu jël xibaar yi yonnee nañu leen
- réew mi nga bindoo ngir am kaarange bitim réew
- taarix bi nga bindu ngir am kaarange bitim réew.

Xibaar yii di ñëw tamit dinañu leen dugal Eurodac bu ko laajee:

- Réew bi wara càmbar sa bindu
- Bu fekkee dañu la toxal, réew biñu la toxal bi bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin
- bu fekke nàngu wuñu sa bindu amuloo sañ-sañ ci des ci réew mi bokk ci réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin
- bu fekkee ni sa bindu dañu ko jëlee woon ci tërëlinu foronceer ginaaw gi nàngu wuñu ko wala dañu jàpp ni sa bindu bi dañu ko dindi
- ay xibaar ci bepp wiisaa bu la ab réew bu bokk ci Réew yu booloo yu Órob wala réew yu ànd ak ñoom ci ay doxalin mësa jox
- ay xibaar ci bepp jamono boo mësee joge ci réew yu booloo yu Órob ak réew yi ànd ak ñoom ci ay doxalin
- xibaar yu jëm ci ndax dangaa mësa nàngu ci sa coobare ab digal ci dellu sa réew.

Am nga sañ-sañ ci jot ak joyyanti xibaar bu jaarul yoon bu nekk ci Eurodac ak sàkku ñu dindi say xibaar bu fekkee dañu leen jëfandikoo woon ci lu dëppoo wul ak yoon. Mën nga woo saytukatu xibaar yi ngir def loolu. Xibaari jokkoowukaay yu saytukatu xibaar yi mën nañu leen fekk ci teere bi ñu duppee "**Li nga wara xam ci Eurodac**".

## NDAX AMNA YENEEN XIBAAR YUÑUY DENC CI EURODAC?

Bu fekkee ab réew bu bokk ci réew yu booloo yu Órob yi dafa sàkku jël say ampareentu baaraam wala dafa jàpp ni waru loo am ab kaarange negandiku ndax sa ni ngay doxalee, dinañu wara dugal xibaar yooyu ci Eurodac.

Loolu mën na nekk bu fekkee ni amna xibaar buy junju ni dangaa:

- def ñaawteef bu rëy, lu mel ni ñawteefu xare wala ñawteef buy lor xeetu doomu àadama.
- def ñaawteef bu rëy ci beneen réew laata ngay ñëw Órob
- def jëf ju wuute ak gëm-gëmu mbootaayu xeet yi.

## BA KAÑ LA SAMAY XIBAARI BOPP YI DI NEKK CI EURODAC?



Say xibaar dinañu leen denc ci diir bi sa kaarange negandiku bi di dox. Bu fekkee sa tolluwaayu kaarange bi dafa jeex, dinañu dindi sa xibaar yi

Bataaxal bi ngir joxe ay xibaar rek la. Nekkul ngir joxe ay sañ-sañ ak ay wareef. Moo xam EUAA wala kepp ku koy ligeeyal du ñu leen toppee dara ci jëfandiku bu waay mëna def ci xibaar yi nekk ci bataaxal bi.

© European Union Agency for Asylum, 2025